

**Enstriksyon espesyalize
ak Sèvis
pou elèv ki gen pou konfwonte gwo defi
pou aprann**

Distri 75 ofri sipò akademik nan divès anviwònman pou elèv ki gen gwo difikilte, paegzanp elèv ki gen twoub otis oswa ki gen reta koyitif, twoub emosyonèl, gen yonn nan ògan sans yo ki pa nòmal, ak/oswa plizyè andikap.

Yo ofri lòt sèvis nan domèn sa yo: enstriksyon ak sipò bileng, Anglè kòm dezyèm lang (*English as a Second Language, ESL*), trening vwayaj, aktivite lavi chak jou (*Activities of daily living, ADL*), selon ka a.

Pou elèv ki gen gwo pwoblèm pou tande ak wè, Distri 75 ofri sèvis klas espesyal. Yo entegre nan kourikoulòm lan pandan jounen lekòl ekipman ak sèvis espesyalize. Pami sèvis yo gen odyoloji, ekipman teknolojik pou sipò, entèpretasyon an *Sign language* pou moun ki bèbè, sèvis oryantasyon ak sèvis pou depasman, ak *Braille*.

Kolaborasyon avèk Famiy elèv
Objektif distri 75 se ogmante endepandans ak opòtinite pou elèv ogmante kapasite yo. Nou kolabore avèk fanmi pou asire pi bon rezilta pou tout elèv.

**Men kou Distri 75 yo pou elèv
kindergarten:**

**Klas espesyal,
12 elèv, 1 pwofesè, 1
parapwofesyonèl,**
- 12 elèv
- Yon pwofesè
- yon parapwofesyonèl

Yo satisfè bezwen akademik ak/oswa jesyon konpòtman ki afekte pwosesis ansèyman an. Yo ka egzije sipò adilt anplis ak enstriksyon espesyalize ke yo ka reyalize pi byen nan yon anviwònman inifòm *self-contained*.

**Klas espesyal,
8 elèv, 1 pwofesè, 1
parapwofesyonèl,**
- 8 elèv
- Yon pwofesè
- yon parapwofesyonèl

Yo sèvi elèv ki gen pwoblèm grav ak kwonik epi ki bezwen sipèvizyon entansif tout tan, anpil atansyon endividyèl, entèvansyon ak kontwòl konpòtman entansif ansanm ak sipò adilt anplis.

**Klas espesyal,
6 elèv, 1 pwofesè, 1
parapwofesyonèl,**
- 6 elèv
- Yon pwofesè
- yon parapwofesyonèl

Yo sèvi elèv ki gen gwo bezwen nan pifò oswa nan tout domèn tankou fòmasyon akademik, devlopman sosyal ak/oswa devlopman relasyon avèk lòt moun, devlopman fizik, ak kontwòl. Kou yo ofri pwogram endividyèl entansif, sipèvizyon adilt tout tan ak yon pwogram kontwòl espesyalize, lè yo endike sa, ak yon terapi diksyon/langaj ki ka gen ladan kominikasyon ogmantatif/altènatif.

**Klas espesyal,
12 elèv, 1 pwofesè, 4
parapwofesyonèl,**
- 12 elèv
- Yon pwofesè
- Anplis, yon
parapwofesyonèl pou
chak twa elèv

Yo sèvi elèv ki gen plizyè gwo andikap tankou langaj limite, reta akademik epi ki pa kapab fonksyone poukont yo. Klas sa yo ka ofri yon pwogram readaptasyon ak tretman paegzanp pou bay yo trening pou ladrès lavi yo chak jou, devlopman ladrès pou kominike, estimilasyon ògan sans yo, ak entèvansyon terapetik.



**Department of
Education**

Carmen Fariña, Chancellor

**Distri 75
Pwogram onivo Vil
la
Pwogram espesyalize pou elèv
ki
gen anpil difikite pou aprann**



**Enfòmasyon pou fanmi
elèv k ap antre nan
Kindergarten**

**Corinne Rello-Anselmi, Chanselye adjwen
Divizyon Enstriksyon Espesyalize ak
Sipò pou elèv**

**Ketler Louissaint, Sipèntandan
Distri 75
[rev 17/8]**

Yo ka ofri sèvis yo tou pou elèv distri 75 nan:

- Salklas Edikasyon Jeneral
- Klas espesyal ki nan bilding lekòl kominotè
- Klas espesyal ki nan lekòl espesyalize
- Ajans, lopital ak lakay

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram Distri 75 pou elèv kindergarten, kontakte Biwo ki responsab pou bay plas la nan (212) 802-1578

Fè konesans ak distri 75

Si w ta renmen vizite, men kèk nan lokal Kindergarten nou yo. Tanpri rele pou pran yon randevou pou rankontre estaf nou an epi gade divès pwogram nou ofri.

Klas Distri 75 yo fèt nan lekòl kominotè yo atravè vil la ak nan bilding lekòl otonòm yo. Yo ka dekri yon klas Distri 75 nan yon lekòl kominotè kòm "P169M@P102M," kote P169M se yon pwogram Distri 75 nan Manhattan ki nan Public School 102, Manhattan.

X – Bronx Q – Queens
K – Brooklyn R – Staten Island (Richmond)
M – Manhattan

	Lekòl/Lokal	Adrès	Direktè	Jan pou kontakte nou	Pwogram			
					12:1:1	8:1:1	6:1:1	12:1:4
Bronx	P010X@P304X	2750 Lafayette Avenue Bronx, NY 10465	Barbara Hanson	Julio Morales (718) 823-5684	●	●	●	●
	P176X@P178X	850 Baychester Avenue Bronx, NY 10475	John Siracuse	Venera Celentano (718) 904-5750	●	●	●	
	P188X@P034X	770 Grote Street Bronx, NY 10460	Shanie Johnson	Dawn Zerbo (718) 561-2052	●	●	●	
	P352X@P134X	1330 Bristow Street Bronx, NY 10459	Lourdes Mendez	Saturine Packer (718) 893-6813		●	●	
	P723X@P338X	1780 Dr. M.L.K. Blvd. Bronx, NY 10453	Shante Chunn	Lorey Negron (718) 960-4400		●	●	
Brooklyn	P141K@P380K	370 Marcy Avenue Brooklyn, NY 11206	Michele Thornton-Mannix	Simone Sanchez (718) 388-4800			●	●
	P369K@P067K	51 St, Edwards Street Brooklyn, NY 11205	Rudy Giuliani	Dorothy Collins (718) 855-6838	●	●	●	
	P396K@P396K	110 Chester Street Brooklyn, NY 11212	Nira Schwartz-Nyitray	Hansraj Soodoosingh (718) 385-6200	●		●	●
	P771K@P329K	2929 West 30 th Street Brooklyn, NY 11224	Denise D'Anna	Denise Ramos (718) 891-3600 ext. 0		●	●	●
Manhattan	P138M@P030M	144 East 128 th Street New York, NY 10035	Greg Soulette	Barbara Henderson (212) 369-2227	●	●	●	●
	P138M@P033M	281 Ninth Avenue New York, NY 10001	Greg Soulette	Sarah Scheffler (212) 563-4886			●	●
	P169M@P102M	315 East 113 th Street New York, NY 10029	Susan Finn	Tamar Weinreich (212) 876-1829			●	
	P811M	466 West End Avenue New York, NY 10024	Barry Daub	Jamela Mack (212) 579-3788	●	●	●	
Queens	P004Q@P179Q	196-25 Peck Avenue Fresh Meadows, NY 11365	Marcy Berger	Jacqueline Berman (718) 264-0916	●	●	●	
	P177Q@P295Q	222-21 Jamaica Avenue Queens, NY 11428	Kathy Posa	Harriet Siegel (718) 464-4555	●		●	●
	P255Q@P397Q	32-52 37 th Street Queens, NY 11103	Richard Marowitz	Katie McLaughlin (718) 380-1247		●	●	
	P993Q@P130Q	200-01 42nd Avenue Bayside, NY 11361	Jacqueline Zaretsky	Natisha Singh Tabitha Judge (718)224-0490			●	●
Staten Island	P037R@P037R	15 Fairfield Street Staten Island, NY 10308	Florence Gorsky	Florence Gorsky (718) 984-9800	●	●	●	●
	P373R	91 Henderson Avenue Staten Island, NY 10301	Paulette Benevento	Susan Di Scala (718) 816-8897	●	●	●	